

Repanse Pouvwa

**Èske prevansyon
kont vyolans sou
fanm ak tifi posib
san kite pèsonn
dèyè, menm nan
peryòd difisil?**

Beyond Borders/Depase Fwontyè yo ak Global Women's Institute, Jiyè 2022

Tèks sa a se yon rezime tou kout sou rezilta rechèch ki te fèt sou enpak yon pwogram mobilizasyon kominotè pou prevansyon kont vyolans sou fanm ak tifi nan La Vallée de Jacmel soti 2017 pou rive 2021; Se *Repanse Pouvwa*, yon pwogram **Beyond Borders/Depase Fwontyè yo** ki te fè konsepsyon ak planifikasyon entèvansyon yo, bay aktè lokal yo fòmasyon ak ankadreman. Malgre KOVID-19 plis kriz politik, ekonomik ak sosyal te lakoz anpil difikilte, pwogram nan te fè posib li pou "pèsonn pa rete dèyè" e, li te asire jefò fèt pou prevansyon kont vyolans sou tout fanm ak tifi (jèn fi adolesan, fanm ak tifi andikapè tou). Se **Global Women's Institute (GWI)** ki te kolabore avèk **Institut de Formation et de Service (IFOS)** soti 2017 rive 2019 plis **Pentagone** soti 2020 rive 2021 ki te reyalize rechèch la.

Kisa vyolans sou fanm ak tifi ye e poukisa nou dwe fè prevansyon kont vyolans sou fanm ak tifi?

Vyolans sou fanm se tout menas oubyen zak (fizik, emosyonèl, seksyèl, ekonomik) moun fè sou yon fanm oubyen yon tifi, ki lakoz ditò e ki ka menm koze lanmò, yo fèt nan lide pou kenbe yon fanm oubyen yon tifi anba kontwòl lòt moun. Zak sa yo kapab fèt nan kay (an prive), yo kapab pa fèt nan kay (an piblik)¹ Nan peyi d Ayiti e toupatou nan mond la, 1 sou 3 tifi deja sibi vyolans anvan laj 18 lane. Nan yon kominote, lè fanm ak gason, tifi ak ti gason aprann mete ekilib nan pouvwa yo (balanse pouvwa yo) e, lè manm kominote a pa dakò vyolans, sa pote anpil avantaj tankou: moun vin genyen plis konfyans nan tèt yo, mwens ka suisid ak mwens pwoblèm lasante; koup ak fanmi vin pi djanm, timoun pi byen travay lekòl, manm kominote a pi an sante e yo viv ak plis kè kontan.



Kisa ki andikap? Èske vyolans sou fanm ak tifi andikape se yon pwoblèm?

Andikap se rapò ant moun ki genyen youn oubyen plizyè defisyans (tankou: Parapleji, Trizomi 21, elatriye) avèk divès kalte baryè ki egziste nan anviwonman moun sila yo (tankou: move atitid manm kominote yo, mwayen ki pa apwopriye pou yo gen aksè ak transpò plis lòt aktivite, nan lokal kote yo bay sèvis plis, sipò sosyal ki limite).² Genyen anpil tip defisyans, ladan yo genyen nou pa kapab wè; pwogram nou an konsidere 3 prensipal tip ki se: fizik, sansoryèl ak mantal (entèlektiyèl ak sikosoyal). Nan La Vallée, se prèske 1 sou chak 3 moun (30%) k ap viv ak yon fòm andikap (lè nou konsidere jan yo defini andikap nan fason ki pi laj posib): difikilte pou tande, wè, deplase, sonje sèten bagay, pran swen tèt yo, ak kominike. Fanm ak tifi ki andikape sibi doub diskriminasyon: paske yo se fi e, paske yo andikape. Sa se rezilta pi gwo estati gason ak ti gason genyen nan sosyete a an jeneral plis, fason negatif yo wè andikap nan sosyete a. Fanm ak tifi ki andikape kouri plis risk pou yo sibi vyolans pase lòt manm nan kominote yo. E, se yon reyalite nan peyi d Ayiti tou.

Pwogram nan: Prevansyon Kont Vyolans San Kite Pèsonn Dèyè

Beyond Borders/Depase Fwontyè yo te deja genyen pwogram nan peyi d Ayiti sou dwa timoun (batay kont pratik restavèk), edikasyon ak lavi miyò ki chita sou travay nan diyite depi 1993. An 2010, *Beyond Borders/Depase Fwontyè* yo te kòmanse itilize metodoloji *SASA!* nan plizyè kominote an Ayiti pou fè prevansyon kont vyolans sou fanm; se yon metodoloji ki chita sou prè; se **Raising Voices** ki te devlope li. An 2013, *Beyond Borders/Depase Fwontyè* yo ajoute *Kore Tifi* nan enplemantasyon li t ap fè. Ekip *Repanse Pouvwa* te jwenn enspirasyon nan *SASA!* e, Ekip la te adapte sèten pati *SASA!* nan devlope *Kore Tifi*. Donk, *Kore Tifi* se yon metodoloji ki santre sou tifi e ki konplete *SASA!* nan objektif pou fè prevansyon kont vyolans sou tifi ak devlope pouvwa tifi. *Beyond Borders/Depase Fwontyè* yo te kòmanse itilize *SASA!* ak *Kore Tifi* ansanm nan La Vallée de Jacmel, an 2017. Nan lane 2019, gras ak sipò *Fonds d'affectation spéciale des Nations Unies pour l'élimination de la violence à l'égard des femmes* (UNTF), *Beyond Borders/Depase Fwontyè* yo te kolabore avèk 2 òganizasyon ki travay sou dwa moun andikape, **Pazapa Center** ak **Teyat Toupatou**. Kolaborasyon sa a te pèmèt 3 aktè sa yo devlope epi entegre nan entèvansyon La Vallée a *Yon Kominote Ini San Vyolans*. Se yon modil ki mache ansanm avèk *SASA!*, *SASA! Ansanm* oubyen *Kore Tifi* e ki pèmèt prevansyon kont vyolans sou fanm ak tifi andikape.

SASA!, *Kore Tifi* ak *Yon Kominote Ini San Vyolans* mache ansanm pou mobilize yon kominote nan yon pwosesis chanjman ki ede manm kominote a poze aksyon pou fè prevansyon kont vyolans nan lavi toulejou yo. 575 manm kominote nan La Vallée – Lidè Kominotè, Aktivis Kominotè, manm pèsònèl lekòl ak Mentò Klèb Tifi – te reprezante aktè kle pou pote chanjman; yo te ap patisipe nan fòmasyon, manm Ekip *Repanse Pouvwa* t ap ankadre yo nan kad pwogram nan e, 575 aktè sa yo t ap fè aktivite toulejou avèk manm kominote yo apati pwòp aktivite regilye pa yo.

Repanse Pouvwa te travay pou asire tout moun konnen yo genyen pouvwa e yo kapab chwazi sèvi avèk pouvwa yo byen pou pèsòn nan kominote yo pa rete dèyè pandan travay ap fèt pou tout manm kominote a/yo (fanm kou gason, moun tout laj ak tout nivo kapasite) rive genyen yon lavi ki pote lajwa, sekirite ak diyite. Pa kite pèsòn dèyè, sa pa janm fasil kèlkeswa peryòd la e, ane sa yo (2017 – 2021) te difisil anpil nan peyi d Ayiti; sa ki te rann defi a (pa kite pèsòn dèyè) pi gwo malgre li te pi enpòtan toujou pou kominote yo leve defi a pase anvan.



Julaine Noelus ak Soinette Désir, manm ekip kreyasyon modil *Yon Kominote Ini San Vyolans*



Rechèch la

Global Women's Institute ansanm ak kolaboratè li yo nan kad rechèch sa a, IFOS ak Pentagone, te fè konparezon ant kominote nan La Vallée, (Musac ak Ternier) avèk kominote nan Marigot (Corail Soult ak Savane Dubois). Pwogram Repanse Pouvwa pa te fè entèkansyon nan kominote Marigot yo donk, sa pèmèt wè kisa ki diferan pwogram nan te lakoz. Malgre kominote nan La Vallée yo ak kominote nan Marigot yo pa menm, men, yo te prezante ase resanblans pou konparezon fèt sou fason yo fonksyone sou plan sosyal ak nivo vyolans.³ Anketè te poze moun apati laj 15zan nan La Vallée ak Marigot kesyon apati ankèt, nan antrevi ki fèt ak grenn moun ak nan fokis gwoup nan 3 moman sa yo: ankèt liy de baz, yon mi-pakou an 2019 ki te liy de baz tou pou entèkansyon espesifik sou vyolans sou fanm ak tifi andikape plis, yon final an 2021. Te genyen kesyon espesifik ak metòd rechèch ki pèmèt chèchè yo wè fason pwogram nan gen enpak sou tifi ak jèn fi 10 – 23⁴ ane ansanm ak fanm ak tifi andikape.

Kominote yo soti 2017 rive 2021 ak Entèkansyon yo

La Vallée ak Marigot se 2 bèl komin nan Depatman Sid-Ès peyi d Ayiti. Komin sa yo genyen anpil bagay nou kapab di ki se fòs tankou gwoup oubyen òganizasyon kominotè ki solid; pami yo genyen gwoup ak òganizasyon fanm; yo genyen tou lekòl segondè, yon gwo sans responsabilite kominotè ak lòt atou.

Toude komin yo te demontre yo genyen yon gwo bezwen pou pwogram nan, anvan li te lanse an 2017. Pa egzanp, prèske mwatye nan fanm yo (49%) te rapòte, nan ankèt liy de baz, yo sibi diran lavi yo omwens 1 *fòm vyolans* anba men gason ki avèk yo (vyolans ekonomik ak vyolans emosyonèl tou).⁵ Malerezman, pandan peryòd enplemantasyon pwogram nan kondisyon lavi moun yo te vin pi difisil anpil, prensipalman soti 2019 rive 2021 akòz KOVID-19 plis, kriz politik, sosyal ak ekonomik. Kondisyon sa yo peze lou sou lavi moun an jeneral e, rechèch toupatou nan mond la montre yo jeneralman lakoz plis vyolans sou fanm ak tifi.

Pandan toude komin yo t ap soufri, kondisyon yo an jeneral te vin yon ti jan pi grav nan La Vallée akòz vyolans gang ame t ap fè sou yon pòsyon moun nan popilasyon an pandan peryòd sa a. Sa parèt klè nan done yo. Pa egzanp, nan La Vallée an 2021, pami fanm ak tifi ki te genyen plis pase 15 lane, **6 sou 10** te di ensekirite te frape kominote a e **mwatye** te di ensekirite a te frape moun lakay yo. **Yon tyè (1/3)** te rapòte yo genyen gwo pwoblèm pou yo jwenn manje e **de tyè (2/3)** nan moun sa yo te di pwoblèm nan vin pi grav nan lane ki pase a. **6 sou 10** te viv gwo detès sikolojik nan 30 jou ki pase yo apati lè yo t ap reponn kesyon yo.

Twoub sa yo nan kominote yo kreye pwoblèm pou entèkansyon yo. Pa egzanp, lekòl ki te fèmen pou anpil tan te lakoz pwosesis *Kore Tifi* nan lekòl pa te kapab mache jan sa te prevwa e, kourikoulòm lekòl *Kore Tifi* te rive entegre nan kou lekòl yo jis nan dènye mwa pwogram nan. Sa te limite patisipasyon ti gason nan *Kore Tifi* malgre tout manm kominote yo te toujou angaje nan aktivite mobilizasyon kominotè. Klèb tifi yo pa te kapab fonksyone pandan kèk mwa tou. Mete sou sa, akòz pwoblèm ensekirite manm Ekip pwogram nan pa te kapab ale nan kèk zòn La Vallée pandan plizyè mwa e, akonpayman manm rezo te fèt sèlman avèk telefòn.



“Ensekirite te kreye pwoblèm nan lavi fanm ak tifi paske yo te pè soti akòz kidnaping, vyòl ak tout lòt fòm vyolans yo ka sibi.”

– Manm klèb tifi nan La Vallée



Jésula Prévot, Aktivis Kominotè, ansanm ak mari li, Jean Louis Mirel epi pitit yo, Séphora Jean Louis, manm klèb tifi

Rezilta Rechèch la: Enpak Pwogram nan

Akoz kondisyon lavi moun ki an jeneral te agrave, jan sa prezante pi wo a, nou te kapab atann nou vyolans sou fanm ak tifi t ap ogmante nan La Vallée. Olye de sa, li diminye! Pa egzanp, nan kominote kote entèvansyon yo te fèt,

nivo vyolans fizik ak vyolans seksyèl sou fanm ki nan koup te bese pou rive mwatye sa li te ye pandan peryòd pwogram nan (soti 23% pou rive 12%).



Aktivis Kominotè k ap aprann mennen brase lide ak yon afich



Manm klèb tifi k ap jwe echèk

An jeneral, rechèch la montre SASA!, *Kore Tifi* ak *Yon Kominote Ini San Vyolans* genyen yon enpak pozitif sou lavi fanm ak tifi nan La Vallée. Se pa bò kote moun ki te patisipe dirèkteman nan fòmasyon oubyen lòt aktivite yo obsève chanjman men, se pami tout manm kominote a. Pami chanjman pozitif yo genyen chanjman nan fason moun wè: fanm, gason ak relasyon nan koup (kwayans), ansanm ak prevalans vyolans sou fanm ak tifi.

Sou kesyon pa kite pèsonn dèyè a, gen amelyorasyon nan kwayans manm kominote yo sou moun andikape ak tifi adolesan. Vyolans sou fanm ak tifi andikape ansanm ak vyolans sou tifi bese tou men, chanjman sa yo vanse pi dousman lè nou konpare yo ak chanjman onivo tout kominote a.

Kwayans

Kwayans nan ekilib pouvwa ant fanm ak gason pi wo nan La Vallée kounyea, apre enplemantasyon pwogram nan. Genyen chanjman nan Marigot tou (sit pou konparezon) – men, an jeneral, chanjman sa yo mwens.

Egalite (menm fòs pouvwa)

Lè nou konpare ankèt liy de baz avèk ankèt final, vin genyen mwens fanm ki dakò sou pwèn pi ba yo, sa ki fè yon bèl nan pousantaj. Genyen yon bèl 16% sou zafè chanje kouchèt, bay timoun manje se prensipal responsabilite manman; yon bèl 21% sou wòl fanm se pran swen kay li ak fanmi li; e, yon bèl 10% sou kesyon yon gason genyen dènye mo sou desizyon k ap pran nan fanmi li. Lè nou konpare ankèt final nan Marigot ak La Vallée, fanm nan La Vallée genyen mwens chans pou apiye wòl moun selon sèks moun yo.

Pouvwa tifi

Plis moun nan La Vallée demontre kounyea kwayans ki apiye fanm ak gason egal youn ak lòt e, ki apiye dwa tifi pou yo pale e pou moun koute yo; yo genyen mwens chans pou yo aksepte vyolans tou. Pa egzanp, nan liy de baz, se sèlman 60% fanm ki te panse ti gason dwe pase menm kantite tan avèk tifi nan fè travay nan kay – sa ki ogmante pou vin 75% nan ankèt final. Pousantaj moun ki dakò yo dwe pèmèt tifi devlope relasyon zanmitay ak moun san se pa lakay yo soti nan 15% pou rive nan 28%; sa ki endike yon pi gwo volonte pou tifi gen libète pou aprann ak dekouvri anviwonman yo. Pa genyen menm nivo chanjman sa yo nan popilasyon Marigot a. Nan rechèch kalitatif, tifi 10 rive 19 ane te bay temwayaj yo sou chanjman yo te wè nan kominote yo: Pa egzanp:

“Gras ak fòmasyon ki fèt, kounyea prèske tout moun konprann lè yo bat yon tifi se vyolans yo fè sou tifi a. Kounyea kominote a kapab wè yon bagay konsa, kote moun jije gason an gen tò.”

– Manm klèb tifi nan La Vallée.

Dwa moun andikape

Soti nan debi pou rive nan fen enplemantasyon *Yon Kominote Ini San Vyolans*, anpil bagay amelyore sou kesyon dwa moun e, espesyalman sou kesyon dwa fanm ak tifi andikape. Prèske tout moun dakò sou kèk kwayans pozitif konsènan moun andikape. Pa egzanp, 95% moun ki te reponn nan ankèt la La Vallée dakò fanm ak tifi andikape genyen dwa pou yo viv san vyolans; e, pousantaj moun ki dakò moun andikape santi doulè emosyonèl ak doulè fizik menm jan ak lòt moun soti nan 58% pou rive nan 79%. Nou dwe remake tou kwayans konsènan fanm ak tifi andikape nan Marigot pou peryòd la te amelyore tou. Pazapa Center ki genyen manm Ekip li ki te patisipe nan devlope modil “*Yon Kominote Ini San Vyolans*” e ki te suiv bon jan fòmasyon sou modil la, te konn fè emisyon radyo sou dwa moun andikape nan Marigot; e, te genyen kèk lòt entèvansyon yon òganizasyon nan zòn nan ki travay sou dwa moun andikape te konn fè tou. Li posib entèvansyon sa yo te kontribye nan chanjman ki fèt Marigot.

Jan moun aksepte vyolans

An jeneral, an konparezon avèk Marigot, nan ankèt final la moun La Vallée te mwens aksepte zafè vyolans sou fanm. Nan fen entèvansyon yo, mwens moun nan La Vallée (soti 19% rive 12%) te kwè yon fanm dwe aksepte sibi vyolans pou li kenbe fanmi li (madanm, mari ak pitit) ansanm. Men, pwogram nan pa te fè yon gwo enpak sou jan moun wè ak aksepte vyolans ki fèt ant mari ak madanm; yo wè se yon bagay prive e lòt moun pa dwe mele nan sa; genyen bezwen pou plis travay-aktivis fèt pou chanje kwayans ak sa a.

Prevalans Vyolans

Aprè enplemantasyon pwogram nan, nivo vyolans nan koup te bese nan La Vallée. Youn nan chanjman ki pi enpòtan se: Nivo vyolans fizik ak vyolans seksyèl sou fanm ki nan koup te bese pou rive mwatye sa li te ye pandan peryòd pwogram nan, nan kominote kote entèvansyon yo te fèt (soti 23% pou rive 12%). Se yon gwo-gwo reyalizasyon onivo kominote sa yo. Mete sou sa, vyolans seksyèl ant moun ki pa nan koup bese (soti 9% pou rive 4%) nan La Vallée. Men, malerezman, tizonnay te ogmante soti 7 pou rive 9%. Enfòmasyon kle mete ogmantasyon sa a an pati sou nivo ensekirite ki te pi wo akòz aktivite gang ame nan kèk zòn men, plis investigasyon ta nesès pou konfime sa.

Tifi

Pou fi 15 rive 23 lane, te genyen rezilta pozitif tou; vyolans fizik ak vyolans seksyèl nan koup pou 12 dènye mwa yo anvan ankèt la te bese a prèske 40% (soti 26% pou rive 16%). Pou fi nan tranche laj 15 rive 23 lane vyolans seksyèl moun ki pa mennaj/mari yo fè te ogmante soti nan ankèt liy de baz an 2017 pou rive nan ankèt mi-pakou an 2019 (16 pou rive 21%); men, li te desann pou rive nan 10% nan fen entèvansyon yo an 2021.

Fanm ak tifi andikape

Pou fanm ak tifi andikape, done yo pi konplike. Se sou 2 lane modil “*Yon Kominote Ini San Vyolans*” te antre nan entèvansyon yo; donk, liy de baz la pa te genyen done sou prevalans vyolans sou fanm ak tifi andikape espesifikman. Si nou konsidere nivo vyolans fizik ak vyolans seksyèl nan koup te menm ak nivo pa popilasyon an an jeneral (23%) oubyen



Annette Payen: Aktivis Kominotè, manm komite pledwaye



“Paran aprann tifi ak ti gason genyen menm enpòtans ak menm dwa.”

– Manm klèb tifi nan La Vallée



“Nan tan pase, jèn moun ak mwen te konn pran plezi sou moun andikape. Sa pa fèt ankò paske nou konnen kounyea yo genyen menm valè avèk nou menm ki pa andikape.”

– Manm klèb tifi nan La Vallée



“Si ... [yon paran pa te voye pitit fi li lekòl pandan frè tifi sa a te ale lekòl] nan katye lakay nou, nou menm moun ki pran fòmasyon, nou ap gen devwa pou nou ale pale avèk paran sa yo plizyè fwa, fè yo reflechi, fè yo konprann tifi ak ti gason genyen menm valè ak menm dwa.”

– Manm klèb tifi nan La Vallée



Yveline Joseph, manm klèb tifi ak komite pledwaye tifi

pi wo, nou kapab di se yon gwo siksè. Nivo nan fen entèkansyon yo te 15%; sa ki fè yon bès 35%. Men, pa te genyen chanjman ant mezi 2019 sou vyolans fizik ak vyolans seksyèl nan koup ak mezi lane pase a, 2021 – toude te 15%. Vyolans ekonomik sou fanm ak tifi andikape te fè yon ti monte nan La Vallée soti 14 pou rive 15% ant 2019 a 2021. Men, vyolans ekonomik te monte wo anpil nan Marigot (kominote konparezon yo) nan menm peryòd la (soti 8% pou rive 21%). Sa demontre pwogram nan pwoteje fanm ak tifi andikape kont vyolans ekonomik pandan peryòd ensekirite yo. Konsa, nou troke lide sou pwogrè ki parèt pi lan nan zafè diminye vyolans sou fanm ak tifi andikape pi devan, nan seksyon tèks la ki genyen tit: Kibò nou prale kounyea?

Lòt rezilta pwogram nan

Rechèch ki te fèt sou La Vallée a te genyen plizyè fokis gwoup ak lòt metòd kalitatif ki pou ede nou entèprete done ankèt e, pi byen konprann chanjman pou tifi 10 rive 15 ane (ki te manm klèb tifi men ki pa te reponn kesyon ankèt) plis fanm ak tifi andikape.

Manm kominote a ki t ap patisipe nan rechèch kalitatif remake tout fòm vyolans bese akòz pwogram nan ak chanjman li te pote nan mantalite manm kominote a. Yo te di moun atann mari ak madanm ap kominike e yo ap pran desizyon ansanm. Mete sou sa, manm kominote yo santi yo pare, akòz sa yo konnen ak jan yo kapab aji, pou fè kichòy ak pou yo entèveni pafwa lè yo temwen zak vyolans. Men yon moun te pataje yon eksperyans ak risk ki toujou genyen pou moun k ap entèveni nan ka vyolans. Mou te vrèman fè wè tifi lekòl menm jan ak ti gason e, paran ba yo opòtinite pou yo jwe foutbòl ak fè sa yo renmen menm lè se pa nan lekòl yo.


Tifi andikape te patisipe nan *Kore Tifi* e yo te devlope kapasite pou rive sezi kèk opòtinite ki pa t ap disponib pou yo anvan. Men, tifi andikape fè konnen vyolans emosyonèl kontinye sou yo paske yo nan espas piblik pi souvan e moun pa byen konnen yo nan kominote a akòz yo te plis kenbe yo anndan kay anvan pwogram nan te kòmanse nan La Vallée. Tifi andikape te rapòte yo santi pwofesè ak kondisip yo nan lekòl ba yo sipò; pa kont tifi ki gen andikap ki anpeche yo mache toujou gen difikilte pou rive lekòl.

Finalman, fanm ak tifi andikape te rapòte, nan fokis gwoup, tizonnay nan pale plis baton te diminye pou yo ni nan espas piblik, ni lakay yo. Yo pa te remake chanjman akòz ensekirite ki te genyen. Li sanble anpil pa te konsyan de tout vyolans ki te genyen nan kominote yo men, yo te santi yo genyen pou pou yo entèveni e yo te konnen kote ki moun pou yo ale pou yo jwenn sekou.



“Moun pa kapab pase [fanm ak tifi] nan betiz akòz yo andikape. Wi! Genyen moun ki kapab anpeche moun pase yo nan betiz.”

– Patisipan nan fokis gwoup fanm ak tifi andikape nan La Vallée



Kibò nou prale kounyea?

Itilizasyon metodoloji *SASA!*, *Kore Tifi* ak modil “*Yon Kominote Ini San Vyolans*” nan La Vallée te fè yon gwo enpak pozitif. Pwogram nan reyisi nan fè prevansyon kont vyolans sou fanm ak tifi; nan chanjman kwayans sou pouvwa tifi, dwa fanm ak tifi andikape; plis, egalite ant fanm ak gason (menm fòs pouvwa pou fanm ak gason) an jeneral. Pwogram nan te jwenn rezilta pozitif sa yo malgre kondisyon lavi difisil nan kominote yo te ogmante anpil. Donk li klè, *SASA!*, *Kore Tifi* ak *Yon Kominote Ini San Vyolans* kapab efikas nan kontèks difisil ak peryòd kriz e, patikilyèman nan peyi d Ayiti. Pou rive nan rezilta pozitif, sa te mande fon, manm Ekip pwogram ak metodoloji ki apwopriye pou travay la ansanm avèk bon jan angajman lidè kominotè, aktivis, lekòl ak klèb tifi nan kominote yo. Li toujou nesèsè pou genyen plis travay-aktivis nan La Vallée pou prevansyon kont vyolans sou fanm ak tifi kapab kontinye fèt. 3 komite pledwaye ki te fòme apati rezo Repanse Pouvwa te ede mete sou pye (Gwoup Aktivis k ap fè Pledwaye pou Ekilib Pouvwa – GAPEP; Asosyasyon Kore Jèn nan Tènye – AKJT; ak Asosyasyon Jèn Fi Aktivis nan Mizak - AJFAM) te rive jwenn estati legal yo e yo ap mennen pwòp aktivite yo pou fè prevansyon kont vyolans.

Menm lè rezilta yo pozitif, genyen bagay ki pa te chanje jan nou te swete yo chanje; nou kapab analize ak ajiste bagay sa yo pi devan menm lè gen rekòmandasyon pou nou itilize metodoloji yo nan lòt kominote.

Pa egzanp, poukisa vyolans sou fanm ak tifi andikape pa te bese plis (vyolans fizik ak vyolans seksyèl) oubyen ogmante (vyolans ekonomik) e, kisa nou ta kapab fè plis pou amelyore rezilta yo? Kisa nou ta kapab fè pou kwayans nan kominote a amelyore sou vyolans nan koup moun wè tankou se bagay prive oubyen, pou gen pi bon prevansyon kont asèlman seksyèl tifi sibi anba men moun ki pa mennaj oswa mari yo.

Nou kapab di, nan peryòd kote ta genyen mwens boulvèsman ak kriz, li pwobab ta genyen pi bon rezilta toujou avèk menm entèvansyon yo.

Lòt analiz nesèsè men, gen lòt rekòmandasyon ki te soti nan dyalòg ant manm Ekip pwogram nan ak moun ki fè analiz sou rechèch la kòm posibilite pou genyen pi bon rezilta toujou:

Rekòmandasyon

1. Pou prevansyon kont vyolans sou fanm ak tifi andikape:

- **Mete ase tan.** Omwens twa (3) ane konplè nesèsè pou nou rive jwenn pi bon rezilta posib onivo yon kominote. Rete fleksib e, pare pou nou fè adaptasyon selon fitbak kominote a.
- **Ankouraje enklizyon nan kominote a.** Travay avèk rezo kominotè pou angaje nan fason dirèk fanm ak tifi andikape nan lavi kominotè e, apiye enklizyon fanm ak tifi andikape. Sa pèmèt yo devlope pouvwa nan relasyon yo, nan kominote yo e, sa ba yo opòtinite pou yo patisipe nan aktivite pwogram nan fè nan espas sa yo.
- **Angaje nan fason dirèk fanm ak tifi andikape.** Li enpòtan anpil pou tout moun ki angaje nan klèb tifi fè tout jefò posib pou gen enklizyon total nan klèb tifi yo. Pwofite prezans rezo fanm ak tifi andikape nan kominote a. Si pa genyen, mande fanm ak tifi andikape nan kominote a si yo ap santi li itil si gen klèb patikilye ki pèmèt yo rankontre epi, suiv direktiv yo.
- **Kontinye chèche solisyon.** Kontinye poze kesyon ak devlope relasyon. Suiv lòt rekòmandasyon ki nan **Yon Kominote Ini San Vyolans** sou patenarya avèk òganizasyon dwa moun andikape, komite konsiltatif, manm Ekip ak lòt!




Fabie Saint-Germain ak Mexène Mathurin, Aktivis Kominotè, nan fòmasyon koup

2. Rechèch sou vyolans seksyèl sou tifi lè yo pa nan koup oubyen lè se jis yon rankont a de.

Plis rechèch nesèsè an Ayiti ak onivo global sou vyolans seksyèl sou tifi lè se pa mennaj oubyen mari yo ki fè zak vyolans yo ak vyolans sou tifi lè yo p ap viv avèk mennaj oubyen mari yo pou rive byen konprann mekanis ki kapab apiye chanjman.

3. Rete motive! Pa kite pèsonn dèyè mande bon jan angajman:

- bò kote **bayè de fon** pou òganizasyon dwa fanm ak òganizasyon dwa moun andikape jwenn finansman pou fonksyonman alontèm ki fleksib;
- bò kote **gouvènman** ak enstitisyon pou yo bay bon kalite sèvis ki aksesib;
- bò kote **òganizasyon** pou yo toujou ap koute ak suiv lidèchip tifi, fanm ak tifi andikape plis lòt gwoup ki sanse sou kote; e
- bò kote **nou tout** pou nou jwenn òganizasyon ak rezo tifi, òganizasyon ak rezo fanm ak tifi andikape; koute yo, kolabore avèk yo e, ba yo sipò!



Prensipal konklizyon tèks sa a se yon gwo espwa paske kominote nan peyi d Ayiti ak nan mond la an jeneral ap lite nan yon peryòd ki difisil:

» **Prevansyon kont vyolans sou fanm ak tifi posib san kite pèsonn dèyè, menm nan peryòd kriz.**

Kòm nou dokimante tout metodoloji ak lòt zouti nou te sèvi e yo disponib, moun kapab fasilman refè entèvansyon menm jan ak sa ki te fèt nan La Vallée de Jacmel e, fè sa sou pi gwo echèl depi resous ak angajman disponib pou sa.



Manm ekip kreyasyon *Yon Kominote Ini San Vyolans*

Remèsiman: *Yon gwo mèsi pou aktivis yo, lidè ak tifi, fanm ak sila yo ki angaje nan zafè dwa moun andikape nan La Vallée ak Marigot! Mèsi tou pou Pazapa Center, Teyat Toupatou, IFOS, Pentagone ansanm ak moun ki te reponn kesyon, patisipe nan fòkis gwoup, manm Ekip Pwogram Repanse Pouwwa ak tout lòt moun ki te pote kontribisyon yo nan jefò sa a. Nou remèsye tou Fonds d'affectation spéciale des Nations Unies pour l'élimination de la violence à l'égard des femmes, Fondasyon Novo/Tides, American Jewish World Service, Imago Dei Fund ak bayè individyèl; se yo ki te finanse entèvansyon yo e Fondasyon Novo/Tides ak Bank Intèamerikèn pou Devlopman te finanse rechèch la. Tout foto yo se pwopriyete Beyond Borders/Depase Fwontyè yo ak moun ki parèt ladan yo. Moun ki parèt nan foto sou paj kouvèti a se: Daphcar Pierre Saint ak Jonas Jean Louis, Aktivis Kominotè, nan fòmasyon koup.*

- 1 Adapte soti nan: Raising Voices. (2020). *SASA! Ansanm: Yon apwòch travay-aktivis pou prevansyon kont vyolans sou fanm*. Kampala: Raising Voices. Beyond Borders/Depase Fwontyè yo fè adaptasyon an.
- 2 Adapte soti nan: OMS (2001) *International Classification of Functioning, Disability and Health*. Geneva: OMS.
- 3 Beyond Borders/ Depase Fwontyè yo pa te fè entèvansyon nan kominote konparezon yo ki nan Marigot men, li gen espwa fè entèvansyon nan kominote sa yo tou si yo toujou gen bezwen pou sa apre gwo pwojè lòt òganizasyon ap fè Marigot sou prevansyon kont vyolans ak ranfòsman ekonomik rive nan fen peryòd yo.
- 4 Nou te chwazi tranç laj sa a pou nou pran an kont popilasyon ki te adolesan nenpòt moman pandan enplemantasyon pwogram nan.
- 5 Contreras-Urbina, M., Ovince, J., Bourassa, A. and Rojas, E. (2021). *Repenser le Pouvoir: Mis en œuvre dans le Département du Sud'Est d'Haiti*. Washington DC: Global Women's Institute of the George Washington University. Disponib sou: https://globalwomensinstitute.gwu.edu/sites/g/files/zaxdzs1356/f/downloads/GWI_1920_10_RethinkingPowerProgramEvalHaiti_FRENCH_revised_a11y.pdf



NB: *Finansman pou reyalizasyon an soti nan UN Trust Fund. Men sa pa vle di Nasyonzi apwouve kontni a.*

Pou plis enfòmasyon sou: Pwogram Repanse Pouwwa, rechèch la, sipò teknik sou metodoloji nou itilize yo oubyen sou fason pou nou angaje nan lòt travay-aktivis pou prevansyon kont vyolans sou fanm nan La Vallée, kontakte nou:

(509) 3617 1815 · rethinkingpower@beyondborders.net · repansepouwwa.org · beyondborders.net